

**KONTRA POU REPARASYON NAN KAY:  
ETAP POU W PRAN LÈ W AP PRAN YON  
KONTRAKTÈ POU FÈ TRAVAY  
LAKAY OU  
(YON MOVE KONTRAKTÈ KAPAB PI MAL KE YON SIKLÒN)**



**SE LEGAL SERVICES OF GREATER MIAMI, INC. KI PREPARE DOKIMAN SA A  
ANSANM AK: THE ALLIANCE FOR AGING**

## I. ENTWODIKSYON


Èske ou gen pwojè pou w fè amelyorasyon lakay ou oswa fè fè reparasyon lakay ou? Kidonk gen kèk bagay ou ta dwe konsidere anvan ou pran yon kontraktè pou kòmanse travay la.

Gen lwa nan Florid ki jere koze ki gen pou wè ak amelyorasyon andedan kay. Lè nou pale de amelyorasyon, nou vle di tou reparasyon, ranplasman, nouvote, alterasyon, chanjman, modènizasyon, oswa amelyore oubyen ajoute sou yon teren yon edifis ki sèvi kòm rezidans pou yon fanmi.

Ou ta dwe fè yon kontra a lekri avèk kontraktè a si w pral fè nenpòt nan sèvis sa yo lakay ou. Men anvan ou fè kontra a, gen kèk etap ou ta dwe pran pou w asire ou ke ou pran yon kontraktè ki kalifye.

Objektif panflè sa se pou ba w enfòmasyon konsènan dwa legal ak obligasyon legal ou genyen konsènan amelyorasyon k ap fèt nan kay ansanm ak kontraktè dapre dekrè lwa Florid (§713, §501 ak §489). Men sepandan,

objektif li se pa pou pran plas konsèy legal yon avoka.



## II. ETAP POU W PRAN ANVAN OU RANTRE NAN YON KONTRA AVÈK YON KONTRAKTÈ.

### A. Fè yo ba w yon dev

Ou ta dwe tcheke de twa kontraktè anvan ou pran yon desizyon. Epitou ou ta dwe pran dev a lekri nan men plizyè kontraktè pou asire w ke w ap peye yon pri rezonab. Ou ta dwe eksplike ki travay ou vle fè epi espesifye ki kalite materyèl ou vle.

Fè atansyon a yon kontraktè ki ofri yon travay pi rapid, pi bon mache epi ki vle “pou w aji sou plas:”. Abityèlman rezilta a se yon move travay, move materyèl epi yon travay ki pa menm fini.

### B. Asire w ke kontraktè a gen lisans pou l fonksyone.

Lwa Florid mande pou yon kontraktè gen lisans pou li angaje li nan amelyorasyon kay. Gen kèk eksepsyon nan lwa sa a. (Tcheke FS§520.68)

### C. Tcheke estati kontraktè a.

Ou ta dwe tcheke estati kontraktè a. Epitou ou ta dwe tcheke pou asire w ke kontraktè a gen rezon lè li di ke li pa oblije gen lisans. Ou kapab rele Depatman Biznis ak Règleman Pwofesyonèl nan 1-850-487-1395, ki okipe li de sistèm enfòmasyon pou afè lisans pou ou kapab konnen:

1. Si te gen plent moun te rapòte kont kontraktè a.

2. estati lisans endividyèl pou eta a menm.
3. si lisans kontraktè a toujou aktif.
4. si kontraktè a pa reyisi fè restitasyon nan Konsèy Administrasyon Biwo Echanj Konstriksyon.
5. si gen ankenn ka disiplin Konsèy Administrasyon Biwo Echanj Konstriksyon an te pran kont kontraktè a.
6. si gen ankenn amand kont kontraktè a ke kontraktè a poko peye.

Mande kontraktè a pou li ba w referans epi verifye referans sa yo pou konnen kalite travay kontraktè a, si li travay byen, si li travay a lè...

### III. ANTRE NAN YON KONTRA

Si yon kontraktè gen lisans, pri a rezonab, epi estati kontraktè an règ avèk Depatman Biznis ak Règleman Pwofesyonèl yo, alòs, pwochèn etap la se siyen yon kontra.

Yon Kontra dwe swiv fòm ke dekrè Lwa Florid la prevwa a.

A. Kontra a dwe fèt a lekri epi tou lè de pati yo dwe siyen li.

B. Kontra a dwe gen ladan li:

1. Non, adrès, ak nimewo lisans kontraktè a.
2. kontra a ta dwe gen ladan li dat espesifik pou fè konnen kilè kontraktè a ap kòmanse travay la ak lè kontraktè a ap fini travay la.
3. yon deskripsyon travay ki dwe fèt la ak materyèl ki sipoze sèvi.
4. kantite lajan ki dwe peye dapre kontra a, ki ta dwe yon kantite an dola, mwens lajans depo a.
5. kantite tan pou tout peman yo fèt ki koresponn a kantite travay ki fèt la.

Ou ta dwe ajoute nenpòt lòt detay an plis ke ou bezwen, tankou koulè, kalite materyèl yo, elatriye.

C. Kopi kontra a.

Kontraktè a dwe ba w yon kopi kontra a lè w fin siyen li.

**D. Dwa w pou w anile kontra a**

Kontraktè k ap fè reparasyon nan kay la dwe ba w yon notis ki fè konnen ke ou menm ak kontraktè a gen jiska minwi nan twazyèm jou ouvrab ki vini apre jou kontra a te siyen an pou anile kontra a a travè notis sètifye pa la pòs. Ou pa reskonsab anyen ki pase mal si w anile kontra a pandan peryòd sa a.

**IV. ANVAN OU PÈMÈT KONTRAKTÈ YO KÒMANSE TRAVAY.**

**A. Aplike pou yon Notis pou Fè Konnen kilè Travay la ap Kòmanse**

Ou dwe toujou aplike pou yon “Notis pou fè konnen lè travay la ap Kòmanse” nan Biwo Grefye Tribinal Konte Monroe anvan kòmansman ankenn konstriksyon, reparasyon, oswa pwojè renovasyon nenpòt kontra ki depase \$2,500.

Ou kapab jwenn fòm nan nenpòt Biwo Kòd Edifis yo kote yo bay pèmi pou konstriksyon. Ou kapab anrejistre Premye Notis pou Fè Konnen ki lè Travay la ap kòmanse pou w aplike an pèsòn oswa poste fòm nan lè w fin ranpli, siyen epi notarye li nan:

**Biwo Rejis Piblik Konte a**

ansanm ak yon chèk pou \$ \_\_\_\_\_ ak enstriksyon pou mande biwo rejis la pou anrejistre epi pou retounen sètifye pa la pòs kopi Notis la nan adrès lakay ou.

Notis pou fè konnen lè travay la ap Kòmanse a dwe anrejistre (jan nou dekri li anlè a) pa plis ke 90 jou anvan kontraktè a kòmanse travay la kay ou. Si travay la pa kòmanse nan yon delè 90 jou, ou dwe aplike pou yon lòt Notis pou fè konnen ki lè Travay la ap Kòmanse. Notis la bon pou yon ane apre dat li anrejistre sof si yo mansyone otreman.

Si w pa aplike pou Notis pou fè konnen kilè travay la ap Kòmanse w ap resevwa mwens pwoteksyon anba lwa sou poze sele nan zafè Konstrikasyon. Epitou Depatman Kòd Edifis nan Konte Monroe pap pèmèt travay lakay ou a pase enspeksyon lè oumenm oswa kontraktè ou a rele pou premye enspeksyon yo ekzije a.

**B. Poste kopi ki sètifye a**

Lè ou fin aplike pou Notis ki pou fè konnen lè travay la ap kòmanse, ou dwe poste swa yon kopi ki sètifye (oswa yon kopi avèk yon deklarasyon ki notarye ki endike ke ou te aplike pou Notis ki la pou fè konnen lè travay la ap kòmanse) sou pwopriyete ou a. Li dwe vizib pou tout kontraktè k ap vini sou pwopriyete ou a kapab wè. Kidonk, ou ta dwe mete li youn kote ke tout moun kapab wè li trè byen, tankou

nan fenèt oswa pòt lakay ou.

## V. PÈMI

Yon moun dwe gen pèmi anvan li kòmanse avèk ankenn amelyorasyon, reparasyon. Ou menm ou pa ta dwe pran pèmi sa yo menm si kontraktè a asire w ke pwosesis la ap pi rapid ak pi fasil. Si se ou menm ki pran pèmi sa yo, sa kapab rann ou reskonsab pou amand ak penalite pou travay ki enkonplè oswa ki mal fèt.

Kèlkeswa sikonstans nan pa gen ankenn travay ki kapab kòmanse san kontraktè a poko pran pèmi. Ou ta dwe wè pèmi sa yo ak de je w pou w verifye, Pèmi sa yo dwe poste yon kote ki vizib nan pwopriyete ou a tankou fenèt la oswa nan pòt ou a.

## VI. LEVE POZE SELE PASYÈL AK AFIDAVI

### A. Leve poze sele epi afidavi

Anvan ou fè ankenn peman pasyèl oswa peman final ba kontraktè a, ou dwe resevwa yon “Leve Poze Sele oswa yon Leve Poze Sele ak yon Afidavi” ki espesifye ke kontraktè a peye tout lòt kontraktè yo, oswa materyèl, ouvriye yo oswa tout endividi ke yo te dwe lajan epi konbyen kòb pou yo chak. Ou kapab retire kòb nan lajan kontraktè a pou peye lòt kontraktè yo ansanm ak pou peye materyèl yo.

Peman sa a pou lòt kontraktè yo kapab fèt dirèkteman ba lòt kontraktè yo oswa pou materyèl yo apre lè ou fin

bay kontraktè a di (10) jou notis. Ankò yon fwa, si w peye lòt kontraktè yo, peye pou materyèl yo, oswa ouvriye yo, asire w ke yo leve tout aksyon poze sele sou pwopriyete w.

### B. Leve Poze Sele Final ak afidavi

Ou pa dwe fin fè dènye peman an jiskaske enspektè a apwouve travay kontraktè a. Se yon bon pratik pou w kenbe omwen 20% nan kantite lajan kontra a ye an tou pou dènye peman an. Epitou ou pa ta dwe fin fè dènye peman an si w pa satisfè ak pèfòmans kontraktè a.

Ou pa ta dwe fin fè dènye peman an jiskaske ou resevwa tout bagay nan men kontraktè a. Ou ta dwe swiv menm etap yo ki nan Seksyon A konsènan Leve Poze Sele Pasyèl ak Afidavi.

Si nan fen djòb la, lajan ke ou dwe kontraktè a pa sifi pou peye lòt kontraktè yo ak founisè yo, lè sa ou ta dwe kontakte yon avoka.



**VII. REZIME ETAP OU TA DWE PRAN LÈ W GEN PWOJÈ POU W FÈ FÈ REPARASYON LAKAY OU.**

1. Ou ta dwe omwen pran yon devri gratis nan men twa (3) kontraktè diferan pou w konpare yo.
2. Ou ta dwe asire w ke kontraktè a gen lisans eke pa gen ankenn plent ki fèt kont kontraktè a.
3. Yon fwa ou fin chwazi yon kontraktè, ou ta dwe fè yon kontra a lekri pou espesifye tout kondisyon ou yo konsènan kalite ak nan konbyen tan pou travay la fèt ak kantite lajan ki pou peye.
4. Ou ta dwe aplike pou yon Notis ki fè konnen lè travay la ap Kòmanse epi poste li sou pwopriyete ou. Li dwe vizib pou lòt kontraktè kapab wè li.
5. Ou ta dwe asire w ke kontraktè a pran tout pèmi ki nesèsè yo epi pou li poste yo sou pwopriyete ou a.

6. Ou pa ta dwe fè ankenn peman pazavan ou resevwa yon Leve Poze Pasyèl pou chak chak peman ou bay kontraktè a.
7. Ou pa ta dwe fin fè dènye peman an pazanvan ou resevwa nan men kontraktè yon “Leve Poze Sele Final ak Afidavi ki fè konnen pa genn ankenn poze sele sou pwopriyete ou”, ak pou w asire w ke tout lòt kontraktè yo touche, epi ke ou te pase dènye enspeksyon an.
8. Si w rankontre ankenn pwoblèm kontakte yon avoka ki fanmiye ak lwa ki gen rapò ak kontra.

Sonje ke se reskonsabilite w pou w pwoteje kay ou kont le fèt pou yo ta poze sele ak poze sezi sou kay ou enjisteman. Meyè fason pou fè sa se kenbe resi kòm prèv ki montre tout moun touche pou materyèl oswa sèvis ke yo te ofri pou pwopriyete w la.





---

**AJANS:**

**DEPARTMENT OF PROFESSIONAL REGULATION  
DPR Consumer Complaints  
Northwood Centre  
1940 N. Monroe Street  
Tallahassee, FL 32399-0781  
1-850-487-2252**

**DEPARTMENT OF BUSINESS & PROFESSIONAL REGULATION  
Construction Licensing Service  
1940 North Monroe Street  
Tallahassee, FL 32399  
1-850-487-1395**

**DEPARTMENT OF BUSINESS & PROFESSIONAL REGULATION  
Board of Construction  
7960 Arlington Expressway, Suite #300  
Jacksonville, FL 32211  
1-904-727-6530**